

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun meunangkeun hasil anu akurat ngeunaan kamampuh siswa dina nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*. Tujuan tina unggal panalungtikan nya éta pikeun ngabuktikeun atawa nguji hal-hal anu baris ditalungtikna anu dirumuskeun di rumusan masalah. Aya tilu hal anu ditalungtik nya éta kumaha hasil diajar siswa dina nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*; naha aya béda signifikan dina hasil diajar siswa nalika saacan ngagunakeun média *movie maker* jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*; jeung kumaha éféktifitas média *movie maker* dina nulis warta téh.

- 1) Sakabéh rumusan masalah ditalungtik ngagunakeun tés awal jeung tés ahir nulis warta. Hasilna diolah ngaliwatan format ngajén karangan. Satuluyna hasil na didistribusikeun kana format ngolah data. Katitén yén dina tés awal siswa anu mampuh nulis warta aya 5 urang atawa 12,5% sedengkeun anu can mampuh aya 35 urang atawa 87,5%. ieu hal dilantarankeun siswa kurang maham kana naon anu dipedar tur siswa kurang nyangkem kana sarat mutlak nulis warta. Béda deui jeung hasil tés ahir sabada ngagunakeun média *movie maker*. Katitén yén siswa anu mampuh nulis warta kalawan nyumponan kritéria ngajén karangan aya 26 urang atawa 65% sedengkeun anu can mampuh aya 14 urang atawa 35%. Ieu hal ngabuktikeun yén ayana pangaruh

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

diajar dina nulis warta ngaliwatan média *movie maker*. Data téh diuji normalitas téh awal jeung téh ahir tujuanna pikeun ngabuktikeun yéta data téh normal atawa henteu. Upama $x^2_{itung} < x^2_{tabél}$, hartina distribusi data normal. Jadi hasil uji normalitas téh awal nya éta $x^2_{itung} (2,76) < x^2_{tabél} (11,3)$ anu hartina normal. Sedengkeun hasil uji normalitas téh ahir nya éta $x^2_{itung} (8,99) < x^2_{tabél} (11,3)$ anu hartina normal. Satuluyna data téh diuji homogénitasna. Nangtukeun homogén atawa henteuna data téh awal jeung téh ahir. $F_{itung} < F_{tabél}$ hartina variansi sampel homogén, tapi upama $F_{itung} > F_{tabél}$ hartina variansi sampel teu homogén. Nilik kana hasil uji homogénitas di luhur, dicindekkeun yén $F_{itung} (0,97) < F_{tabél} (2,24)$ anu hartina variansi sampel homogén.

- 2) Data téh awal jeung téh ahir téh didistribusikeun dina tabél uji gain (*d*). Hasilna nya éta aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun média *movie maker* jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*. Katitén tina jumlah (Σ) téh awal nya éta 446 poin, sedengkeun téh ahir nya éta 617 poin. Jadi bédana (*d*) nya éta 171 poin. Cindekna, hasil nulis warta sabada ngagunakeun média *movie maker* ningkat sabab prosentase gain (*d*) unggal aspékna ningkat. Ieu hal dumasar kana jumlah unggal aspék antara téh awal jeung téh ahir.
- 3) Média pangajaran kréatif saperti média *movie maker* téh kawilang éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta. Ieu hal dumasar kana hasil analisis data anu ngabuktikeun uji hipotésis. Katitén nya

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

éta t_{itung} (10,67) sedengkeun t_{tabel} tina derajat kabébasan 39 sarta tingkat kapercayaan 99% nya éta 2,42. Cindekna, t_{itung} (10,67) > t_{tabel} (2,42). Hipotésis alternatif dina ieu panalungtikan nya éta aya béda signifikan antara kamampuh nulis warta siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker* téh ditarima.

5.2 Saran

Luyu jeung hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu diébréhkeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta. Saran-saran éta téh baris dipérélekeun ieu di handap.

- 1) Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis warta, ditétélakeun yén hasil tes awal jeung tes ahir téh aya béda anu signifikan. Ku kituna, panalungtik ngarékomendasikeun ka guru-guru basa Sunda sangkan ngagunakeun média pangajaran anu kréatif saperti *movie maker* anu raket patalina jeung teknologi dina medar matéri pangajaran hususna dina pangajaran warta.
- 2) Guru-guru basa Sunda kudu parigel dina milih jeung nangtukeun média pangajaran tur métode jeung modél pangajaranana. Ieu hal pikeun ngirut minat siswa dina diajar basa Sunda.
- 3) Ieu panalungtikan masih loba kakuranganana. Ku kituna, panalungtik miharep ayana panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis warta ngagunakeun média kréatif tur inovatif saperti média *movie maker* anu ambahana leuwih jembar.